



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1,25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados langganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemowah.



REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taon f 6,— njoewoen kabajar
1/2 f 3,— roemijin.
3 woelan f 1,50

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Telefoon no. 795.



Drukkerij „Canisius“ Djokja.

SOERAT — EDARAN.

Buitenzorg, 28 October 1930. No. 2385/B. Onderwerp:

Terima kasih boeat pertolongan pada volkstelling yang telah dilakoeakan.

Karena sekarang hasil-hasil boeat sementara tentang volkstelling yang telah dilakoeakan, soedah dioemoemakan, maka dengan soerat-edaran ini saja sempoernakanlah dengan hormat titah Perintah yang telah saja terima, jaitoe akan menjampai-kan terima kasih Pemerintah kepada sekalian mereka itoe, yang telah menolong melangsungkan dengan sebaik-baiknya kerdja volkstelling yang amat besar itoe, dengan ber- matjam-matjam oesaha yang perloe bagi volkstelling itoe.

Teroetama sekali terima kasih ini ialah dioetjapkan kepada Bestuur, yang telah beroesaha soeng- goeh-soenggoeh dengan radjin dan yakin menjarkan berbagai-bagai propaganda, soerat-soerat sebaran dan matjam-matjam atoeran yang bergoena boeat melakoeakan peker- djaan yang berat itoe di seleroeh tanah Hindia ini. Dalam hal ini patoet diakoei poela bahwa yang amat berat oesahanja dalam hal ini memanglah Bestuur Boemipoetera. Pemerintah poen ma'loem, bahwa didalam kerdja yang amat soesah ini Bestuur selaloe dibantoe dengan sekoet-koetinja oetah amat banjak ambenar dan beambe dari berba- gai-bagai tjabang dienst dan badan- badan oemoem yang lain, demikian djoega ta'koerang banjaknja diban- toe oleh partikoelir-partikoelir dari segala bangsa dilirana-mana di Hin- dia ini. Sekalian pertolongan ini san- gat dihargakan oleh Pemerintah.

Jang teroetama lagi besar djasanja boeat menjampaiakan maksoed volk- telling ialah sekalian pers yang ada ditahan kita ini, baik soerat-soerat kabar harian atau soerat-soerat kabar minggoean dan lain-lain, semoeanja dengan moerah hati telah menjari- kan bermatjam-matjam ma'loemat dan keterangan-keterangan tentang volkstelling didalam s.s.k. masing-

masing, soepaja sekalian itoe dapat dima'loem oleh ra'jat semoea. Lain dari itoe Pers jang terseboet poen dengan segala soeka hati poela memberikan kolom-kolom s. s. ka- barnja yang tidak berhingga banjak- nja, oentoek menjarkan bermatjam- matjam kabar dan pemberi-tahoeran dari Kantor Volkstelling, soepaja dapat poela dima'loemi oleh publik sekalian. Karena djasja Pers inilah maka sekalian tjoeiga dan sjak-sjak hati anak negeri tentang volkstelling mendjadi hilang lenjang sama sekali, dan bertoeaklah dengan kejakinan dan bantoean jang baik.

Pemerintah poen menghargai djoega segala bantoean dari ra'jat baik dikota atau dikampoeng — meski- poen adalah ketjoealinja jang ta'ada pengaroehnja — jang telah menjapi- kan dan melakoeakan volkstelling itoe dengan sebaik-baiknya. Dalam hal ini teroetama dihargakan tinggi oleh Pemerintah ialah djasja toean- toean ondernemer, winkelier dan exploitant dari bermatjam-matjam panggoeng-panggoeng komidi, demikian djoega badan-badan atau organisatie-organisatie dagang dan oesaha lain, yang telah membebas- kan personeel mereka itoe atau menoeoep toko-toko, kantor-kantor dan tempat-tempat oesaha mereka itoe, soepaja sewaktoe perhitoengan didalam publik seomoemnja berada diroemah masing-masing.

Dengan tjara jang terseboet itoe maka bolehlah dikatakan, bahwa Volkstelling itoe ialah soeatoe hasil jang didapat dari bermatjam-matjam pekerdjaan bersama-sama, jang mem- mang sepatoetnja telah mendatang- kan kejakinan kepada Pemerintah, bahwa segala hasil-hasil jang di- peroleh dengan kerdja itoe, sesoen- goehnja soedahlah sepadan dengan oesaha dan daja-oepaja ra'jat seka- lian, jang telah menjenangkan hati mereka semoea.

Kepada Sekalian pendoeoek tanah Hindia Nederland. Gouvernements Secretaris, J. M. KIVERON.

ISINIPOEN:

Lembaran I. Soerat-Edaran — Wawasan bab kasoesastran Djawi — Ing sapoetjaking panggoeng Economie — Angsal-angsal salebetipoen liboer — Pakabaran saking pakempalan — Periscoop — Ontjèn sekar gambir melati — Oerpa- sari — Correspondentie.

Lembaran II. Bajaran sekolah ing pamoelangan: angka II — Malaise — Economisch — Semoe pedjah — Gawat — ... — Es lilin — Sinten pirsja — R. K. M. U. L. O. dalah Internaatipoen ing Am- barawa binerkahan — Journalist pan- damelan nista.

djawi. Jèn anitik inggiling kasoesa- stran ing djaman kina, kita wadji- mongkok, déné bangsa kita doek ing dangoe sampoen mondjo. Nan- ging mongkok kita waoe soeda oetawi itjal babar pisan, jèn ngga- gas dateng djawoeng pitakénan ing ngandang poenika.

Sing mondjo kasoesa- strané ikoe wong Djawa apa wong Indoe sing ana nig tanah Djawa?

Manawi ingkang mondjo waoe tjang Djawi, poenika mongkok kita nama mapan. Déné jèn ingkang mondjo tjang Indoe ingkang won- ten ing tanah Djawi, poenika mong- kok koela nama boten mapan. Jèn nitik basa tetempoenganipoen noe- woen inggih temboeng Djawi (kawi) ingkang kareng, ing temboeng- temboeng Sangsekarta; nitik soera- osipoen katah ingkang pepiridan ser- at-serat babaran kasoesastran Indoe, oegi wonten ingkang pan- gertos Djawi totok kabangoen tjara Indoe. (Mriksanana adaran ing pamboekanipoen ser- at Tantupang- gèlaran, kawedalaken déning Dr. Th. Pigeud). Ing antawisipoen taoen 1000 doemoegi taoen 1500, ing tanah Djawi Wétan mondjo sanget kasoesastranipoen. Jèn kasoesastranipoen montjèr temtoenipoen tetjangan- ipoen inggih sampoen mondjo. Doedoetan ingkang makaten poenika toemrap tanah Djawi, dèrèng kan- tenan! Mitoeoet andaranipoen Prof. C. C. Berg. (katja 11), manawi ti- jangipoen boemi kawontenanipoen terang taksih pasadja (primitief), ingkang mondjo poenika namoeng wewengkon kratonan (hofkring) poenika katitik ing djaman sapoe- nika, kaantepaken sarana wontening babasan: Na g a r a m a w a t a t a, d é s a m a w a t j a r a „de hofkring heeft zijn cultuur, het volk zijn adat." Nitik djaman satoesan taoen kapengker, ingkang sami milala oet- awi nengenaken kapoedjangan poenika ngemoengaken para loehoer, dados andaranipoen padoeika toean kaseboet koela kinten kasinggihan. Ing sarèhning ingkang mondjo na- moeng gegebenganing kratonan, mangka tjang²-ipoen tjang Indoe, dados ingkang mondjo inggih nge- moengaken bangsa Indoe. Nanging ing sarèhning bangsa Indoe waoe terang sampoen tjampoer kalijan rah Djawi, dados ingkang mondjo inggih kalih-kalihipoen (Indoe Djw.), milanipoen babaring kasoesastran kina poenika tetep Indoe-Djawi. (Hindoe-Jav. Literatuur). Sareng saking pamanah koela Indoe-Djawi djaman roemijin poenika anggep- ipoen bènèh kalijan Walandi Indo ing djaman samangké, djer roemijin ladjeng manoeika dateng bangsa Djawi, Indo sapoenika ambekipoen taksih Walandi. Bab poenika na- moeng koela soemanggakaken dateng para maos, djer èstining rembag badé marsitakaken kasoesastran kita.

Menggahing djamanipoen kaso- esastran Djawi poenika kalimrah ka- printji dados tigang djaman, inggih poenika 1. djaman kina (— 1500). 2. djaman Mataram (1601 — 1755). 3. djaman sapoenika.

Menggah ingkang kalebet djaman kina poenika ngantos doemoegi sa- ambroekipoen kradjan ageng Ma- djapait. Ing nalika poenika sampoen

katah babaran kasoesastran Djawi, ingkang mondjo oetawi saé. Déné woedjoedipoen wonten ingkang per- talan saking basa Sangsekarta, won- ten ingkang babagan woelang Agami lan wonten ingkang adapoer tjarijos Djawi katjamper kalijan pangertos- pangertos Indoe. Serat-serat ing- kang misoewoer kados déné Rāma- yana, Bharatâyuddha, Adiparwa lsp. badé kaatoeraken ing wingking.

(Taksih kaladjengaken.)

ECONOMIE.

ING SAPOETJAKING PANG- GOENG ECONOMIE.

Bab gandèngipoen economie lan politik; bab malaise; sambetipoen: kagoenan, seserepan, panggaotan lan kasoegihan.

Koela sampoen naté njerat bilih dagang lan politik poenika kerep linta-lintoe oetawi kerep gandèng; bab poenika sedèrèk jèn Kober pijambak sampoen mratélakaken bab mertamoenipoen para ageng lan sanès-sanèsipoen, ingkang ga- joetan lan panggaotan. Sarta bab poenika wonten ing tatanan pangrèh pradja pantjèn kadamel sambet sa- nget.

Wewakiling salah satoenggiling negari wonten ing negari sanès poenika kapérang dados kalih, ge- zant lan consul. Gezant poenika namoeng mligi ngrembag bab poli- tik, jèn consul ngrembag pada- gangan. Gezant lan consul waoe pangkatipoen oenda-oesoek. Manoe- t profocol ing Aken taoen 1818 won- tenipoen sesoelih babagan poelitik kapérang kados mekaten:

- 1e. buitengewoon gezant oetawi gevolmachtigd minister.
2e. minister resident.
3e. Zaakgelastigde.

Lan satoenggil-toenggiling oet- oesan waoe kabantoe ing: gezant- schapsraad, secretaris(sen) lan at- taché(s); attaché poenika djeroe- rembag lan adat prijantoen golongan militair.

Sesoelih bab dagangan kapérang dados kalih, kablandja oetawi boten. A. Ingkang kablandja manoe- t Consulair Reglement 1 Maart 1911, oeroetipoen kados makaten:

- Aspirant vice-consul.
Vice Consul.
Consul.
Consul-generaal.
B. Ingkang boten kablandja, na- ning inggih tapi pitoewas ka- ngélanipoen manoe- t pakarjanipoen: Consulair-agent.
Vice Consul.
Consul.
Consul Generaal.

Golongan a poenika (toemrap papréntahan Walandi) temtoe tjang Walandi lan angsal opleiding.

Golongan b (toemrap papréntahan Walandi) ratjak tjang mantja lan boten tampi opleiding.

Para sesoelih dagang waoe anèh- ipoen oegi gadah pengowoes bab pengadilan lan oegi kedah ngrembag kabetahanipoen para kawoela lan baita wonten ing djadjahan ngrikoe. Doemoegi ngriki oetoesan waoe gajoetanipoen kalijan oeroesan ne- gari sanèsipoen (poelisi) katah sa- nget, awit oegi saged kasampir- an oeroesan pas, oeroesan burgerlijke stand lss.

Lan malih sinten ingkang nge- matakaken tradjanganipoen U.S.A. kala djaman gégéran Mexico, ngrikoe tetéla sanget sambetipoen poelitik lan dagang. Gégéran Mexico ingkang kabariipoen soemabar sadonja, te- téla wonten Mexico pijambak dados enggel-enggeling prekawis politik, toemrap U.S.A. namoeng ateges: peken kanggé sadé gegaman! Sinten ingkang toemras dipoentadèni, bo- ten perdoeli pemerintah poenapa ingkang ngraman, mila jèn dipoen- takèni medal mergi politik U.S.A. toemoet poendi, wangsoelanipoen boten adjeg!

Lan V.O.C.! ingkang soewaoe dagang ladjeng dados toekang mra- nata? * * *

Sampoen kepara pandjang ki Patjar Mérah ngrontjé bab malaise, oetawi dépressive. Ing orgaan Ka- toelik sadjawanipoen Sw. Tm. sam- poen nélakaken bab tariff wall, koela pijambak sampoen ndongèng bab kekiranganing pendamelan lan ngandaraken pemanggihipoen Treub, ingkang nélakaken bilih donja dja- man mesin poenika neda prenaten énggal.

Njambeti oréan-oréan pinten-pin- ten bab ingkang sedaja ngèngini bab panggesangan waoe, angka- angka lan paseksèn-paseksèn ngan- dap poenika temtoe migoenani jèn kapirsanan, kanggé notjogaken don- gèngan sedaja waoe méntjok poe- napa boten: (kapetik saking overzicht penggaotan gadahanipoen De Morgenpost, Brus- sel).

a. Henry Ford manah, lepat-lepat malaise poenika jèn teroes, badé meksa sadaja pabrik namoeng njamboet damel 10 woelan ing setaean.

b. Margi kirang tariking padagangan regining merk-merk montor golo- ngan General motors ing U. S. A. sawatawis ngandapaken regi: Oakland lan Pontiac ngedakaken regi 80 doemoegi 130 dollar. ing- kang saged oegi énggal katiroe ing maskapé-maskapé sanès.

c. Pabrikipoen Ford namoeng njam- boet damel 4 dinten ing dalem saminggoe.

d. Pabrik Chevrolet njamboet damel 5 dinten ing saminggoe.

e. Crysler adjeg njamboet damel kados adat namoeng épananipoen kaplorodaken 10%.

Doemoegi e ngriki tetéla jèn pen- damelan kirang, dados kados lang- koeng méntjok theorienipoen Treub, djam wekdal njamboet damel kedah kasoeda, oetawi tjara Crysler, épa- han kaedakaken: katimbang motjod tjang.

Lan mergi mekaten poenika, i. p. panggaotan-panggaotan katah oet- oetipoen badé mleseg, samanten waoe jèn kirang ngatos-atos (mangké badé kaatoeran tjontonipoen), ing beurs peken aandeel saja dangoe saja soerem, peken obligatie saja ketingal redja.

Poenapa bédanipoen aandeel lan obligatie?

Mekaten: aandeel poenika batini- poen boten temtoe, saged 10%, saged 180%, saged noel-persèn, saged itjal babar pisan. Jèn obligatie ageng-agengipoen 6%, jèn samboe- tan negari ageng-agengipoen 3%, nanging temtoe netes lan pawitan angèl itjalipoen. Bab poenika dinten wingking badé kaaloer pandjang.

Menawi nitik export auto saking U. S. A., ingrikoe tjeta sanget da- janipoen teriff wall, ingkang jèn tjara Indonesia ngriki kerep kase- boet tarief wet, ingkang ladjeng marahi negari-negari sanès ladjeng sami niroe: General Motors kala Juni kerepker poenika namoeng saged ngedalaken auto dateng tanah mantja 9845, mangka Juni taoen 1929 saged ngedalaken auto 37.000 dateng sadjawaning U. S. A. Sarta Januari — Juni taoen poenika export- ipoen General Motors goenggoeng 84.647 montor, Januari — Juni 1929 wonten: 242.484!

Njoemerepi f lan b. c. d., tjang ingkang sami gadah arta radi awrat badé toemras aandeel-aandeel pa-abrik montor lan ingkang sami gadah aandeel sami soemelang manahipoen.

Déné panggaotan ingkang rekaos ing dinten poenika kados ketingal ing babagan tenoenan. Ing Djerman wonten pabrik nenoen sampoen sepoeh, madegipoen sampoen kala 1784, taoen poenika katoetoe, margi boten saged mboetjal damelanipoen, i. p. pabrik nenoen Brügelmann ing Ratungen, ingkang dados warganing concern Blumenstein. Sarta ing Ja- pan pabrik soetra 20 kapeksa ka- toetoe, margi inggih boten saged mboetjal damelanipoen, — ingkang kinten-kinten margi kadesoek ing

KASOESASTRAN.

WAWASAN BAB KASOESASTRAN DJAWI. (déning Ki Ranggadarminta).

Ing taman Sw. T. ngriki sampoen naté wonten andaran ingkang mar- sitakaken asal oesoelipoen basa Djawi, wiwit ing moela boeka sa- éngga doemoeginipoen djaman sa- mangké. Saking roemaos koela andaran ingkang makaten poenika ageng sanget goena paédahipoen, boten namoeng toemraping para ngoedi basa, nanging oegi ageng paédahipoen menggahing gotrah Dja- wi sadaja. Kadereng saking ngemoeti agenging pigoena, koela kamipoe- roen soemela badé ngandaraken babad lan wawasan bab kasoesa- stran Djawi sawatawis, loewoeng kénging kanggé ndjembaraken po- latan mangertos dateng adeg kita pijambak. Wondéné ing mangké manawi wonten galap gangsoel, poenapa déné tjawoeh tjewédipoen, saking panjoewoen koela para ka- wogan ladjenga wontena karsa paring soesoeloeh anjalahaken ing- kang salah, njèlèbaken leresipoen.

Para noepiksa ing saèstoe boten badé kekilapan bilih kasoesastran poenika toemrap adeging bangsa, satoenggiling tjihna tetengeripoen woedaring kaboeadajan, sarana ké- nging kanggé ngoekoer andap ing- giling kamanoengsanipoen. Milani- poen kasoesastran poenika toemrap- ing bangsa, aosipoen sami kagoenan oetawi jajasan sanès-sanèsipoen. Para poedjangga (dichter) poenika

aosipoen sami kalijan para ahli kagoenan sanèsipoen namoeng bènèh ingkang kagarap. Mila poedjangga poenika inggih tetep nama ahli ka- goenan, nanging toemrap dateng basa, (katjoendoekna Woordkunst M. A. P. C. Poelhckke katja 1).

Bangsa Djawi poenika poenapa sampoen gadah babaran kasoesa- stran? Temtoe kémawon sampoen, malah ing djaman kina kawartos sampoen kalebet mondjo, sampoen nama sapapak kalijan babaran ka- soesastran ing tanah Éropah ing na- lika abad tetengahan. (katj. Hoofdlijnen der Javaansche Literatuurgeschiede- nis. Prof. C. C. Berg. katja 10).

Serat-serat tetilaranipoen para loe- loehoer kita poenika, pantjènipoen noewoen inggih dados poesaka wa- risan kita, ananging kabekta saking kawontenan warni-warni, oetawi talédor kita pijambak, ser- at-serat poesaka ing djaman kina, sapéran- gan ageng doemawah ing tanganipoen bangsa sanès, dados darbèkipoen, dados papasrèn rerengganing pa- boekonipoen. (Bibliotik ing Leiden, bibliotik gadahanipoen Bataviaasch Genootschap van Kunsten en We- tenschappen ing Betawi, bibliotik ing tanah Inggris, Parijs, Brussel lsp.) Ing djaman samangké kita sampoen awis ingkang soemerep oetawi mangertos, mila boten nama ngoemoenaken jèn tjang badé ngoedi basa Djawi ingkang saka- langkoeng inggil kedah ngangsoe dateng tanah Éropah.

Mondjoning kasoesastran Djawi ing djaman kina poenika temtoe kémawon saking daja pangdjaran- ipoen bangsa Indoe ingkang nga-

TOONSTELLING ING SOERA-KARTA.

Adanipoen pakempalan Katholik.

A. martosaken:

Kala tg. 31-10-'30 pakempalan - pakempalan sosial Kath. Djawi lan Wlandi ing Solo, ngawontenaken Combinatie bestuurs-vergadering karawoehan oegira H. Koch lan rama Versteegh. (K.O.B. - W.K. - K.S.B. - K.W. - St. Melania - St. Elizabeth vereeniging) perloe ngrembag badé wontenipoen tentoonstelling kanggé taoen ngadjeng; bebatan kanggé Gréjda ing Solo lan kanggé kaperboeaning sociale vereeniging. Tentoonstelling waoetjalonkaramekaken mawi „tooneel, Zang, tombola” lsp. Ladjeng andoem padamelan! W.K. - Melania - Zusterschool kaprasahran damel handwerkjies - poenika saking golongan Djawi - Comité handwerkjies kanggé Wlandi dèrèng madeg, saweg kaprasahran Dag. bestuur K.S.B. - Tooneel kaprasahran tw. van Loon - Zang - dèrèng wonten ingkang ngasta - Kanggé pawitan - I.K.P. njokong f 50. - K.S.B. f 50. - Moegi-moegi kaboela.

KABAR SAKING SOERAKARTA. (Missie-actie.)

Kala dinten Ngahad 26-10-'30 pakempalan-pakempalan K.W. - P.P.K.D. - W.K. - Morgenster - P. Darma - ngadjeng, sesorahipoen sad. A. Joeseof Siswa-Soebrata babagan „Missie-actie” manggen wonten ing Speelzaal R.K. Europ. School; karawoehan sad. kakeoeng poetri, toewin larè-laré Katholik ingkang sampoen ngoemoer (saperangan ageng warga P.D.) ± bangsa 300 (Kanggé Soerakarta nama „maremkan sanget). Rama G.A.J. Schot soegi andjenengi.

Kirang langkoeng djam 10 pangarsaning pangreh Combinatie sad. M. D. Martosodarma mbikak perepatan mawi soesila Kath., saha ngandaraken poenapa antjasing pepanggihan poenika; wasana Spriker ladjeng kaatoeran ngandaraken bab pamanggihipoen ingtasing Missie-actie!

Spriker nerangaken kanti pandjang lébar ± 1 1/2 djam; tjekak aos kémawon, koela pendeti punten-punten ingkang perloe-perloe kémawon ip.

a. Sad. A.J.S. nerangaken tegesing temboeng missie - missie-actie - tanah missie - missionaris.

b. Nerangaken toedjoening missie - pakarjangan missionarissen i.p. moendi-timbangan Dalem Pangéran „Loengaa lan moelanga marang sakabéhing bangsa, sarta pada baptisen kondjoek ingarsa Dalem Hjang

Rama Hjang Poetra lan Hjang Roh Soetji.” Bakoening toedjoening missie mertobataken ingkang dèrèng angsal pepadang sedjati, moerih samita tampi pepadang sadjati, ladjeng gampil sagedipoen minggah dateng Swarga. Sang Kristoes rawoeh ing donja perloe neboes sadaja manoesah, saha ndjoemengaken Pasamoewan. Kanggé sadaja bangsa i.p. P. Soetji Katholik. Pakarjangan S. Kristoes kateroesaken ing para Rasoeel, kaprasahran dateng P. Soetji!

c. Spriker ngandaraken babad-babading missie, lelabetanipoen para ngoelama kanggé sadaja bangsa, kawontenaning P. Soetji, wiwit djaman Karasoeelan, djaman narajananing P. Soetji; ingkang kanti ngrekaos sanget margi katahing mesah; nanging margi katoentoen ing Hjang Roh Soetji saged angsal damel katah sanget, saja dangoe saja koentjara. Ing djaman samanten sociale hervorming ingkang melok sanget i.p. soedaning pedagangan réntjangan toemasan; aosing wanita langkoeng inggil. Makaten oegi Spriker nerangaken djaman Christelike maatschappij! Saladjengipoen ngandaraken babagan kawontenanipoen P. S. djaman „alihan-alihan bangsa” ing th. Europ; sanadjan kanti ngrekaos para oetoesaning Pangéran wonten ing djagad Europa saged mandjer bandéraning Sang Kristoes; saged mitoeoengi para tijang kapir ingkang waoenipoen sami nglambang margi panggaotaniipoen, ladjeng dados bangsa ingkang adjeg pamanggènipoen. Prakawis tetanèn - onderwijs sanget kapanggali ing para ngoelama. Wasana nerangaken djaman wontenipoen para poetraning P. Soetji ingkang sami metal saking kangdang sedjati i.p. para Protestanten ketters - ingkang saja dangoe saja mawarni-warni! Teroesipoen ladjeng doemoegi mnganing djagad wétanan malih kanggèning para oetoesaning Pangéran. Lelabetanipoen Rasoeel Agoeng St. Fr. Xaverius lan para ngoelama Portegis, Spanjol katjenggoelaken. Wiwit djaman samanten P. Soetji ladjeng saja nggreoet tandangipoen, tijang Kath. limrah oegi toemoet ngilir, ngertos wadjibipoen. Lairing pakempalan-pakempalan ingkang sedjianipoen nedja mbantoe dateng missie saja dangoe saja katah! Obor Katholik saja dangoe saja makantar-kantar oeroebipoen. - P. Soetji ngertos dateng sesakit: ingkang kedah kabirat, makaten oegi djampi-djampinipoen. Badé kasambet.

*). Margi sesaking papan, saweg saged kapatjak sapoenika. Red.

soetra tiron, Manoeet overzicht saking Perantjisi, pabrik-pabrik soetra tiron ing ngrika saja madjeng, pabrik-pabrik ing Itali panggah.

Ing Djerman pepadjenganing monitor oegi soeda, Januari - Juni taoen poenika namoeng saged sadé monitor 47,787, mangka Januari - Juni taoen kapengker saged sadé 55.000 auto. Lan pepadjenganing montorgrogag salebetipoen 6 woelan taoen poenika jèn katanding 6 woelan taoen kapengker soeda 40%!

Malaise sedaja poenika tjeta malih jèn ningali angka-angkaning panggaotan ingkang sami bangkroet ing U. S. A.

Kala kw. I, II 1928 goenggoengning sadaja panggaotan ingkang bangkroet margi ketandegan sambotaan 251 mlijoen dollar. kw. I, II 1929: 232 mlijoen dollar. kw. I, II 1930: 337 mlijoen dollar! ingriki minggahipoen langkoeng saking satoes-mlijoen-dollar. Ing woelan Juni kémawon panggaotan ingkang bangkroet wonten 2026, mangka woelan Mei namoeng 1767, doemoegi semanten kados sampoen tjekap kanggé ndjangkepi andaranipoen sedèrèk Patjar Merah bab Malaise.

ANDAJA.

ANGSAL-ANGSAL SALEBET-IPOEN LIBOER. *)

Grengsenging P. C. C. I. ing Salatiga; ing ngrika koela boten saged ngandaraken katah-katah, namoeng badé ngatoeraken sekedik.

Kala dinten Ngahad sadèrèngipoen liboeran (September - October) ing gedong bioscoop Salatiga dipoenwontenaken openbaar vergadering, kapimpin déning Mr. Sawarna, ngrembag badé ngwontenaken Persekritan Crediet Coöperatie Indonesia. Ingkang rawoeh boten nge-moengaken para prijantoen, nanging para tijang alit mandar tanpa witaljan katahipoen.

Sasampoenipoen spriker ngandaraken manggah sebab-sebabipoen bangsa kita katah sanget mandar kénging koela temboengaken mèh sedaja doemawah ing sangsara; oetawi doemawah ing tangnipoen bangsa Tionghwa, Arab (rentenier), kadosta njamboet arta f 100 (satoes) kedah mawi borg grija, sawoelan mirah-mirahipoen f 4 (sekawan roepijah) anakanipoen; (poenika ingkang mirah pijambak; nanging mèh boten wonten; ratjakipoen sareman sawoelan saben sambotaan f.100 (satoes roepijah) f 5, f 6, f 7, mandar wonten ingkang ngantos f 10 oetawi f 12 sawoelan.

Ingkang nganaki f 5 sawoelan kémawon sampoen kedah nganaki f 100 (dus 100%) poenika menawi setija panitjiling babon; menawi boten saged nitjil babon dados na-

*) Saking katahing kopi, saweg saged kapatjak sapoenika. Red.

Kalilana ladjeng tjekmol kémawon!

H. A. Salim sampoen wangsoel saking Genève; rak inggih sampoen pirsu sadaja, ta! Lan sampoen mampir dateng Medan mawi „berbitjara” wonten ing ngrika; rak inggih sampoen oegi, ta!

Bahagia no. 239 lan 240 (24 lan 25 Oct.) ngemot petikan „bitjara” waoe. Sareng koela waoes kanti koela raos-raosaken, kok mak grendjel! kados tijang neda katoetan krikil! - Awas! sadèrèk, awas!!

„Kemoedian beliau (H.A. Salim) membitjarakan tentang perkawinan di Barat. Disana orang perdapatan, bahwa kawin soedah tidak mempoenjai ikatan lagi. Lebih dari 30.000 kaeom iboe di Parys tidak berketentoean soeminja, dan mereka itoe djoega dengan laki-laki.” (Bahagia no. 239).

Poenika kados-poendi? Poenapa boten mak grendjel!!

Oepami mila pantjen njata, jèn ing Parys wonten kaeom iboe 30.000, malah doemoegi 10.000 pisan, ingkang patrapipoen kados makaten: poenapa koela ladjeng kénging sandjang: di Barat kawin soedah tidak mempoenjai ikatan lagi? Awit Parys poenika boten sami kalijan Barat. Dados jèn „orang” waoe namoeng lelandesnan patrapipoen kaeom iboe ing Parys kémawon, dèrèng kénging kagega.

Kadjawi poenika, oepami „orang” waoe sampoen ngoengak dateng sakiwa tengenipoen kanti waspada, bokmanawi boten badé kawedal temboengipoen ingkang kados makaten waoe. Djalaranipoen: tijang Katoelik di Barat, ingkang maewoewoe, sami ngwontenaken ikatan kawin.

Milanipoen: Awas, sadèrèk, awas!!

Wonten ing kapal H.A. Salim sawoengan kalijan satoenggiling Dr. Katoelik, ingkang sampoen kendo anggènipoen nindakaken wadjibipoen.

„Pada soeatoe hari, sewaktoe Dr. tadi didalam kamar kelihatan dia menjitjem satoe penning yang digantokkannya didalam badjoe diatas hatinja. Penning ini ialah penning seperti adimat yang di djoel orang di Lourdes (satoe tempat Kramat dari kaeom Katoelik di Perantjisi.)” (Bah. 240).

Ing ngrika raoe Katoelik ingkang mak grendjel!!

Kénging poenapa mawi nebih dateng Lourdes? Menika mangké sdr. Indonesièrs rak boten saged njipati pijambak! Mangka pantjenipoen gampil sanget sagedipoen, djalaran prasasat saben toko masinten Katoelik, ing Indonesia ngrika oegi sadé „penning” (!?) waoe.

Tjubi mlebeta dateng tokonipoen van Arcken (ing Weltevreden), lan takèna, poenapa sadé „penning,” poenika! Namoenng kémawon weling koela: sampoen mawi temboeng „penning,” langkoeng - langkoeng temboeng „djimat”; nanging mawia temboeng „médaille de Lourdes,” scapulier-médaille lan sasaminipoen. Awit mangké ingkang gadah oet. tengga toko boten ngertos!

Anggènipoen boten mangertos waoe goematok sanget, djalaran medaille waoe d é d é djimat! Béda sanget!!

Medaille ingkang di poe n t o e d j o e : barang rohani, barkah lan sasaminipoen, ingkang boten badé ngonggrèh-onggrèh tata katentremen. Sareng djimat? Para maos rak inggih sampoen pirsu pijambak, ta!!

Médaille dajanipoen boten kados djapa-mantra oetawi tenoeng, ingkang gadah daja ndjijit; nanging médaille poenika namoeng woedjoed tanda panjoeuoen!

Milanipoen, sareng ngladjengaken maos: „Sedik kata spr., bahwa sikanja peme-rintah Indonesia ini tidak adil terhadap

inggih sampoen ta; menawi sampoen ngertos rekaos kok meksa dipoenradjang. (poenika panjerat njipati; lan 3 pisan inggih poeroen). Betah waoe badé kanggé sadéjan.

Nalika semanten koela rékanipoen inggih badé ngrentjanganj soepados ragi majar lan koela réntjanganj menteng; koela doemoek: nèk ngono koewi nijat arep ndjiret ané; la wong karo bangsané déwe; lan ija isih sanak déwe; tik doewit ora bakal ilang; didjaloe ki jèn babon soeda, anakan ija soeda baé kok ora olèh; wangsoelanipoen kedjawi namoeng: ija nèk gelem; ora gelem ija wis.

Sareng sampoen koela djlènrèh-djlènrèhaken i.e. kedjawi sampoen rekaos anggènipoen nganaki:

2. rekaos anggènipoen ngwontenaken arta adjeg: sawoelan f 20 mangka dèrèng ingkang dipoenteda pijambak; dèrèng ragad wonten peken:

igama Islam, melihatan sikap-sikap terhadap pendjoel-pendjoel djimat. Di Europa rata-rata kaeom Katoelik memakai djimat, tetapi tidak dihoekoem atau ditangkap. Disini ada sebaliknja. Kalau terdengar ada orang yang menjdjoel djimat maka pemerintah toeroet tjampoer tangan, si pendjoel ditangkap politie.” (Bah. No. 240).

Mak grendjel! Kaeom Katoelik TIDAK memakai djimat!!! Awas, lo, awas!!!

Lan sarèhning médaille poenika boten sami kalijan djimat, jèn kalih-kalhipoen kabéda, poenapa ladjeng nama „tidak adii”? Mangga kagalihna pijambak!!

H.A. Salim wonten ing baita waoe sesarengan kalijan imam-imam Katoelik, missionarissen lan missionarissen. Ing ngriko saged gineman kalijan satoenggiling imam waoe bab „kesopanan Barat.”

Spr. (H.A.S.) bertanja pada paderi itoe, mengapa dibiarkan sadja, seperti kaeom iboe di Europa tidak berketentoean lakoenja, dan begitoe djoega keganasan bangsa Europa terhadap sesama manoesia ditahan djadjahannja seperti petboeatan Inggris terhadap India, dan Perantjisi terhadap India China. Paderi itoe mendjawab, bahwa ia sebetoeinja merasa sedih djoega tentang itoe, tetapi apa boleh boeat, kita tidak dapat mengambil sikap apa-apa didalam hal itoe.

Didalam pengadjaran agama, bahwa sesama manoesia tidak boleh berlaekoe ganas, tetapi mereka itoe berboeat begitoe, itoealah kesoeakaan mereka sendiri.

Didalam hati spr. berpikir, „sekarang kaeom Katoelik itoe datang ke Timoer ini hendak menanam bibit kesopanan kepada orang Timoer katanja tetapi orang Barat yang soedah tidak memperdoelikan igama tidak diperbaiki oleh mereka.” (Bah. No. 240).

Mangga, poenapa boten „mak grendjel”?

Betoel djoega pada pendapat spr. sebagai katanja seorang Philipina, se-waktoe spr. tanyakan apa sebabnja berlomba-lomba kaeom igama ini itoe datang ke Philipina djawabnja pendek sadja: „Ingin hendak memakan roti berlapisan.” (een belegde boterham) (Bah. No. 240).

Tjubi kawaspadakna „pikiran didalam hati” poenika! Koela njoewoen priksa: kaeom Katoelik poenika toemoet andjoendjoeng orang Timoer, poenapa boten?

Jèn inggih, kénging poenapa „pikiran” waoe kok mawi soeraos melèh-melèhaken? Pantjenipoen rak malah nrimah sanget, ta! Kadjengipoen orang Barat dibiarkan oetawi tidak diperbaiki, waton ngriki angsal!! Inggih poenapa boten?

Kalijan malih „orang Barat . . . tidak diperbaiki” poenika boten tjotjog kalijan kawontenipoen. Serat-seratipoen para Kangdjeng Biskop, pakempalan Katoelik mawarni-warni, retrèt-retrèt lss. ing th. Barat poenika mertandani, jèn kaeom Katoelik memperbaiki orang Barat; „Namoenng kémawon angsal-angsalanipoen goematoen ing kesoeakaan mereka sendiri,” djer kaeom Katoelik boten njélaki wontenipoen kadjeng mardika (vrije wil). Lan sapoenika poenapa awonipoen, jèn kaeom Katoelik datang ke Timoer menanam bibit kesopanan, margi kagèndèng ing tresna dateng sanès lan agakipoen badé noekoelaken woh? Sampoen nginten, jèn ing th. Barat ladjeng ketelasan tijang ingkang memperbaiki! O, boten!!

Milanipoen seorang Philipina ingkang „djawabnja pendek sadja” waoe kados kasesa, kirang nggagas!! Lan jèn djawabnja kagega, poenika kirang maton!!

Babasanipoen tijang kina: quod volumus, credimus libenter! labraganipoen: apa sing dikarepaké, gampang ditjotjogi!!

Petikan bitjara H.A. Salim (Bahagia 240) dèrèng telas! Sapoenika bab Indjil, ingkang dados segahan! „Sepandjang pengetahoean oemoem sekarang, indjil tertoeelis sebeloem dan sesoedahnja Isa Almaseh lahir.”

Kados „pengetahoean oemoem” poenika leres. Sebapipoen: Indjil

Predjandjian Lami (het Oude Testament) kirang langkoeng ing abad tiga sadèrèngipoen Isa Almaseh mijos, saking dawoehipoen Ptolemeus II Philopator, radja ing Mesir, kapertal ing basa Griek („Septuagint”). Sinten ingkang poeroen njélaki poenika, jèn boten badé poeroen dipoenogelaken: „Wong ra ngreti babad!” Dados Indjil Predjandjian Lami „tertoelis sebeloem-nja”, lan sanèsipoen, inggih poenika Indjil Predjandjian Énggal, „sesoedahnja Isa Almaseh lahir”; nanging letipoen boten dangoe.

Awit poenika katjeta saking serat-serat tilaranipoen: S. (anto) Clemens, († 98), S. Ignatius ing Antiochi († 107 of 117), S. Polykarpus († 155), Papias († kirang langkoeng 140), S. Justinus († 163 of 167), S. Ireneus († 202), Clemens ing Alexandri († 211), Tertullianus († 222) lss.; makaten oegi saking: Psitto (kaserat ing abad II), Fragmentum Muratorianum (ca. 200) lss. Poenapa angka-angka waoe boten nelakaken, jèn wontenipoen Indjil Predjandjian Énggal kalijan mijosipoen Isa Almaseh boten dangoe letipoen?

„Tetapi menoeoet penjelidikan orang yang berpengetahoean indjil, itoe tertoeelis beloeem lama lagi. Sebeloemnja Isa orang beloeem mekajai indjil tetapi ialah sesoedah beberapa abad kemoedian, baroeah indjil terbit” (Bah. 240).

„Penjelidikan orang yang berpengetahoean indjil!!” Koetjawanipoen: „orang” poenika boten (poenapa „dèrèng”) menjelidiki serat-serat tilaran waoe, lan boten ngemoeti babadipoen „Septuagint,” poenapa malih babadipoen bangsa Jahoeidi!! Bangsa Jahoeidi „sebeloemnja Isa” rak inggih sampoen memakai Indjil, ta! Mesti kémawon namoeng Indjil Predjandjian Lami, lo!

Lan ladjengipoen:

„Dan begitoe djoega menoeoet penjelidikan wetenschap, apa sebetoeinja nabi Isa itoe telah menjdjalma kedoenia, orang misih bimbang. Menoeoet terka-terkaan tadi moestail sekali orang yang soedah mati, hidoep kembali dan naik keatas langit, doedoek disisih Allah, serta menjdjadji Allah poela. Berlainan dengan igama Islam.” (Bah. 240).

Bab poenika sampoen leresipoen jèn ladjeng „bimbang”. Awit poenapa boten sampoen mestinipoen: jèn poen tjagak-tjagak mojang-majig, poen grija inggih ladjeng mojang-majig?

Oepami Indjil waoe boten dipoenbimbangkan, anèh sagedipoen mbimbangkan, poenapa Allah jektos sampoen mandjalma (boten: „nabi Isa itoe telah menjdjalma”, lo! awit poenika mila pantjen onzin!!). Djalaran ing Indjil Predjandjian Énggal tjeta kaseboetipoen. Tjubi maosa pijambak! Ngagemak kritische uitgawe, soepados ngleng-gahi wetenschappelijkipoen.

„Menoeoet terka-terkaan tadi moestail sekali seorang yang soedah mati, hidoep kembali” Poenapa boten ladjeng mak grendjel malih! Ahli „terkaan” kok poeroen-poeroen mbombong koewadjabanipoen ahli ilmoe filosofie oet. theologie!! Djer moetoesi „seorang yang soedah mati, hidoep kembali moestail lan botenipoen, poenika rak dédé bebahanipoen „ahli terka”! Dados poetoesanipoen ingkang kados makaten waoe kedah mawi kawawasa!

Lah, ing ngrika poetoesanipoen kok inggih kirang sakétja.

„Moestail sekali seorang”, mila pantjen moestail, jèn „hidoep kembali” -nipoen waoe namoeng saking daja oet. pangowasanipoen toemith pijambak. Nanging jèn Allah karsa noeloengi, kok kados inggih boten moestail!!

Bab „naik keatas langit” lss. boten badé koela tjéntangi, awit semanten kémawon kados sampoen tjekap. Sampoen!

si LAN.

(sèket) per aandeel.

Katjtitil kaping 5 à f 2. oetawi ingkang mendet f 50 à f 10. Arta waoe nedyas kasamboetaken dateng para ingkang katjngkrangan sarana sareman 2 sèn f 1 (sroepijahipoen ing sawoelan)

Déné ingkang badé njamboet sa-oepami lid pijambak ingkang gadah aandeel; sa-oepami badé njamboet kirang saking aandeelipoen boten soesah pados tanggèlan; déné manawi badé njamboet langkoeng saking aandeelipoen; oepami gadah aandeel f 10 badé njamboet f 30 kedah pados tanggèlan lid sanès apesipoen 2 ingkang nggadahi aandeel à (f 10), déné manawi sanès lid ingkang badé njamboet, oepami badé njamboet f 20 kedah pados tanggèlan lid apesipoen 2. Doemoegi tanggal 8-10-'30 wonten tjatetan lid langkoeng saking 200 (kalih atoes) lan dinten poenika oegi ingkang mbajar sampoen langkoeng

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang mcerah

DJOKJA BANDOENG Telf. 252 Telf. 226

Boeat LONTJENG, HERLODJI dai PERKAKAS EMAS.

Penbatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama

dapat POTONGAN.

Sampoem tampi Sakramèn Idjab kala tanggal 26 October 1930, wonten ing Grédja Poerwardja.

Rr. C. Soedjirah — R. Th. J. Amat (ATMASOEGANDA).

Boeat toean poenja

ERREE

Receipt

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

Sepeda-sepeda merk:

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer. HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin. TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG. Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus. Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjét wènter.

PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN. Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij: „WIRJOSOESENO”

Lodjketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

ROTIÉ-ROTIÉ, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.

Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;

Kereta dan korsi boeat anak-anak;

Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan

— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!

ARTISTICO CALCARIUM.

Waterverf nomer satoenggal tanpa ganda, woedjoed boeboekan, jèn badé nganggé mawi dipoentjampoeri toja limrah oetawi bentèr, kanggé ngetjèt pjan, témbok lsp. Saged toembas warni 40 dalasan warni salaka lan mas. Jèn warni waoe katjampoer-tjampoer, tjatjahing warni saged tanpa wates.

Satoenggal boengkoes à 1 Kilo, f 0,90. (mawi rékanipoen nganggé)

Calcarium salaka saben 1 H.G. f 0,50, saben 1 Kilo „ 4,25.

Calcarium mas „ 1 „ „ 0,55, „ 1 „ „ 4,75.

Sikat Calcarium lan Sablone.

Sikat Inggris, petak, gèpèng.

VERFFABRIEK R. B. FRIELING GONDHOMANAN 80. DJOKJA

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Table listing locations and times for Masses on Achad days. Columns include location (e.g., Ambarawa, Amboina, Bagan Siapi-api) and time (e.g., 6-7.30, 7.30).

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiao² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

Laré ingkang késah waoe sabidalipoen saking grija ladjeng dateng Magelang; wonten ngadjeng saweg tenger-tenger wonten ngadjeng wèrekan (dépo) ladjeng dipoentjampoen tiyang èstri, laté èstri waoe ladjeng dipoentjampoen katah-katah wasana ladjeng kaadjak mantoek dateng grijanipoen tiyang èstri waoe. Déné poen laré oegi manoet.

Tijang èstri waoe sampoem naté kéjtalan anak kalih margi kagondol wèrek, mila sareng soemerep laré ingkang oegi makaten, ladjeng dipoentjak perloe badé kawangsoelaken dateng panggenaning tiyang sepoehipoen. Djer pijambakipoen taksih kèngetan kados poenapa prihatos lan bingoesing manah nalika anakipoen itjal.

Nalika 12 Oct. 30 laré dipoentjampoen mantoek èstoe dateng grijaning tiyang sepoehipoen, déning tiyang ingkang manggih waoe.

Sapoenika mas wèrek ingkang asring mboedjoek tiyang, njemploengaken dateng djoerangng kasangsaran, poenapa boten saged tangi (gesang) raosing kamanoengsan, margi panggoegahing tiyang èstri ingkang tepa srira kaseboet nginggi?

Awas sadèrèkl sampoem ngantos dados dagangan kados kéwan. Kawontenan ing nginggil moegi andadosna pamirsanipoen para kawogon. Djer para soedagar makaten poenika tètela awatak tjandala, ngasoraken dradjading manoesa, sampoem samestini-poen jèn katan-dangana. Panjerat ngatoerken P. f. dateng adegipoen P.P.P.P.A.

I. E. V. kroda.

Prakawis grondbezit.

I. E. V. Bandoeng, kala 22 Okt. damel parepatan, amrotès artikel ing De Stuw gandèng kalijan anggèni-poen njantoelani dateng golongan

Indo déné sami neda wewenang andarbèni siti ing Indonesia. (— Bokmanawi tiyang I. E. V. saja bingah, manawi siti Indonesia dados darbèkipoen tiyang Indo sadaja.—Red.).

Tilgram gambar.

Kala Senèn, minggoe kapengker, wonten tjaban kintoen tilgram gambar saking Indonesia dateng Nederland, saged kalampah kalijan saé.

Malem Rebo minggoe kapengker, wonten tilgram gambar (beeldtelegram) saking Ir. Tours hoofdingenieur P. T. T. Den Haag, kakintoenaken dateng Ir. Keukenmeester Bandoeng, oegi saged kalampah kanti saé. Margi makaten waoe sapoenika ing ngriki saged madeg beeldtelegrafie, nanging bédjng poenapa bikakipoen kanggé oemoem, toewin kados-poendi, koela dèrèng saged njarijsaken. Kadigdajani-poen techniek Kilénan!

Sengkalanipoen ébah-ébahan wanita.

Golongan Islam ketaton??

Ing Bandoeng dèrèng dangoe poenika wonten parepatanipoen wanita angrembag kamadjangan lan kamardikanipoen wanita. Bokmanawi ing salebeting parepatan wonten soeranos ingkang katampi njerikaken déning golongan Islam, boektinipoen déné ladjeng wonten serat sebaran saking kalangan P. S. I. I. kanti dipoenmoepakati Komité Pembéla Islam, Persatoean Isteri, toewin Persatoean Islam.

Serat sebaran waoe angènetaken tetijang Moeslimin, sampoem sami nanggapi sosorahipoen rara Siti Soewarni ingkang kawedar wonten parepatan oemoem waoe, awit kamanah ambaloechi soepados tetijang sami njoelajanana tatanan Islam. Kadjawi poenika mratélakaken: kerep golongan kabangsan nradjang

agama Islam, poenapa golongan Islam kedah namoeng kèndel kémawon? Malah tanggal 2 Nov. badé wonten protestmeeting, rara Soewarni kaeleman. (A. I. D.).

SAKING TANAH KEDJAWÈN.

Pahargjan 10 taonnan djoemenengan dalem Nata.

Ngarsa dalem Ingkang Sinoehoen Kg. Soeltan Hamengkoe Boewana VIII ing Ngajogja, kala 23 Okt. djangkep sadasa taon anggèni-poen ngasta poesaraning pradja. Pahargjan kanggé amèngeti sadasa taonnan djoemenengan dalem poenika, kawontenanipoen ringkesan makaten:

Rebo 22 Okt., djam satengah woloe sonten. Gotrah Katholik Djawi 300 kalebet Rama-rama Pastoe, Broeder lss., sami nglem-pak wonten papan dolanan sakolahan Broederan. Sasampoenipoen ngatoeraken kidoeng pagastawa, R. M. Djaja Èndra angandaraken soeogeng dalem, lalabetan dalem, lss. (katah ingkang kawrat ing S.T. lembaran moerjan). Sesorah waoe koela petik sakedik, makaten: Sampéjan dalem Ingkang Sinoehoen ingkang djoemeneng sapoenika poenika poetra dalem Swargi Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan Hamengkoe Boewana ingkang kaping VII, inggih Ingkang Sinoehoen ing Ngambar Roekma, mijos saking Pramésuari dalem Goesti Kangdjeng Ratoe Emas. Sadèrèk dalem ingkang noenggil Rama lboe ingkang mijos kakoeng, sadaja wonten 4 kalijan sarira dalem, inggih poenika: I Goesti R. M. Akadjat ingkang ngantos sampoem djoemeneng Pangéran Hadi Pati Anom, ladjeng séda.

II Goesti R. M. Pratista inggih Goesti Pangéran Harja Djoeminah, taksih soeogeng, nanging boten saged djoemeneng P. Hadi-pati Anom djalaran wonten pangkalan: gerah.

III Goesti R. M. Poetra. Ngantos sampoem djoemeneng P. Adipati Anom, nanging inggih ladjeng séda.

No. IV. Salira dalem Ingkang Sinoehoen sapoenika.

Minangka panoeoep, kidoengan Djajèng gita (Aan U o. Koning). Pahargjan ing daloe waoe, tjlimèn, nanging ngeowa. Papadangan sakedik, nanging ngeos, prabawa, andoedoet manah.

Ing sontea waoe, pakempalan P. K. N., oegi damel pahargjan wonten pakapalan, sakidoel régol mesjid ageng, ingkang andatengi kirang langkoeng 4.000.

Kemis 23 Okt. éndjing. Djam 7, ing Gré-

dja Djawi Kidoel Lodji wonten Koerban Mis, kaendoekaken kagem kasoegegan dalem Nata. Ingkang ngendoekaken Mis P. Satiman, dipoendjari Rama Djajase-poetra toewin Darmasepoetra. Ing Grédja sanadjan djawah, kebak menjeb.

Oegi ing dinten waoe, pasowannging tinalan dalem djoemenengan, mawi angoepoeng adjat tinalan djoemeneng dalem.

Djoemoewah, 24 Okt. sonten, papatih dalem, para boepati, lss. sami ngalempak ing mesjid, kirang langkoeng tiyang 3000, sami anjoewoeraken kasoegegan dalem. Saking ngriko wawakiling pakempalan-pakempalan sami dateng panggoenging ing aloen-aloen. Katah wawakiling pakempalan-pakempalan: Wanita Oetama, lss. sami ngendoekaken tanda pangènet-èngèt toewin kasoegegan sadaja waoe kaparingan terima kasih déning Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soeltan.

Setoe 25 Okt. pahargjan ladjeng, awoedjoed arak-arakan lss. Wonten ingkang perloe koela tjatèt ngriki, arak-arakan waoe wonten ingkang lèregipoen angasoraken badé radjadjng bangsa, langkoeng-langkoeng manawi sinawang ing bangsa sanès, Oepaminoni: pepetan tjandi, ladjeng retjanipoen awoedjoed tiyang setengah nglegana badan mawi kablonjo kilap semèn blawoe kilap poenapa, lss.

Setoe, malem Ngahad, ing aloen-aloen andèr kebak tiyang, sami ningali sorot blak-blakan toewin sekar api. Kaleresan kala samanten radi terang. Mangka pahargjan ing dinten sanès, malem Kemis, malem Setoe, djawah deres sanget.

Wonten pawartos kanggé pangènet-èngèt sadasa taonnan djoemeneng dalem Ingkang Sinoehoen Soeltan ing Ngajogja poenika, ing sangdjenging mesjid ageng badé dipoendegi lantjèng ageng, awis reginipoen. Anggèni-poen bestèl lantjèng waoe dateng Éropah, medal toko Lindeteves.

Kedjawi ing nginggil, margi wonten nalar ingkang boten kininten-kinten, pisoengsoeng saking gotrah Katholik boten saged katoer kala Djoemoewah sonten.

Bandjir ing Wates.

Salebetipoen minggoe kapengker Ngajogja djawah deres. Lèpèn-lèpèn bawah Koelon Praga katah ingkang bandjir. Kita Wates inggih katah palataran katjangan toja. Malah wonten toko Djepang ingkang kedah soemngkir, margi djambahipoen kablabaran toja. Margi-margi katah ingkang risak. Wonten pawartos bandjiring lèpèn angèlèkaken tiyang sakawan, poenapa kalih, boten terang.

Kasangsaran.

Kala Setoe 25-10-30 ing Tékongan margi Stationweg sangdjeng Tjlangap wonten pit montor toemboekan kalijan montor. Ingkang noepak pit montor kasangsaran, satengah pedjah. Kabar ingkang lepat pitipoen montor.

Sèloeman nglambrang! (Zwervende booze geesten).

St. S. ing Soerabaja martosaken makaten:

Opjaking tetijang sawenèhing pakampoengan ing Soerabaja sami bingoes, bilih ing grijanipoen kadatangan lelabat alijas sèloeman, perloe ngetjapi bala petjah, kadosta: piring, tjangkir, mantji enz. Manoet tjarijosipoen pijambak-pijambak sadaja barang-barang waoe sampoem katlihi, nalika wonten kabar sepisanan, oegi tanpa tjap (fabrieks-merk) doemadakan sapoenika wradin oeger grija tjarijos mèh sami, déné tjiri waoe warni-warni wonten ingkang tjiri bandosa, manoe k taroeng, kidjing, wit tjemara enz. Koela ingkang naliti kawontenan waoe, kok sadaja-sadaja tanpa teges, déné njatanipoen inggih fabrieks-merk kados ingkang taksih sami kasadé wonten toko-toko. Nanging koela ladjeng kèmoetan nalika alit koela, watawis taon 1909 oegi wonten kabar makaten lan sabibaripoen toeros pawartos soemabar sèloeman ider pasah-pangoer, potjongan (majit) lan èpèk-èpèk ndjaloek endil, lss. Sarèhning kawontenan waoe namoeng doemawah kabar ingkang tanpa teges lan ngaja wara, sampoem ngantos kagatosaken. (— Ing Djawi Kilèn, Soematra, nembé poenika inggih ramé prekawis tjoelik. Koetjiwa sanget déné bangsa kita taksih katah ingkang loemèngkèt dateng kawontenan bangsanipoen makaten waoe. Para pangandjoer kedah ngoedi itjalipoen.— Red.).

Redactie tampi pawartos:
Dinten Setoe tanggal 1 Nov. P. D. badé ngwontenaken pahargjan 5 taonan, wonten ing Moentilan. Menggah badé toemindakipon kados ing ngandap poenika:
1. Éndjingipoen: Koerban Mis; Volkspel.
2. Sjangjipoen: ± djam 3.30 badé wonten match, ladjeng pista.
3. Sontenipoen: tonil lampahan St. Fr. Xaverius, sarta soelapan saking Normaalschool, mawi kasloendingan gangsai lan muziek.

Rectificatie.

Ing Swara-Tama no. 40 lemb.
II. N.I.S. Bodjonegoro kaserat wonten tam-

bahan sepoer dateng Sbg. wongsal-wangsoel antawisipoen tr. no. 508 lan 512, wangsoelipoen antawisipoen tr. 511 lan 517. leresipoen wonten tambahan Bbt. wongsal-wangsoel teresaniipoen no. 505 saking Sbg. antawisipoen tr. no. 503 lan 507 wangsoelipoen no. 510 antawisipoen tr. no. 508 lan 512. (petikan saking Reidsjids énggal).

Ing Swara-Tama 24 October lembaran moergan, katja 2, kol. 1:
Pada 5: dekka leresipoen: bekka.
Pada 6: koentjoep, leresipoen: koentjoep koentjara.
Pada 7: mandiri, mangrenggep leresipoen: mandiri, nityasa angrenggani, mangrenggep...

2. Panis Angelicus - gendingipoen C. Franc.
3. Dignare Domine - petikan Te Deum - gendingipoen. Händel.
Menjanjian ingkang loetjoe: Hallo Bandung. - Schooierje Mislukte feestzang lan sanesipoen - ingkang ngedal warganing K. J. B. lan K. S. B.
Sesorang badoetan: huwelijksexamen soembangan K. S. B. - poenika tjiang goemoedjeng boten wonten telasipoen.

Tetingalan Tableau:
Congregatie laré éstri mitontonen Redi Carmel: Sang Kenja Dewi Marjah ing dampar kentjana, ing sakiwa dalem radi adap Nabi Elias. Radi ngandap malih para Soetji Carmeliet. Sancta Theresia tjeti Dalem S. Timoor. - Beato Dijonius lan Redemptus, martelaring Pasamoean Soetji ing Atjeh inggih wonten.
Pakempalan St. Elisabeth ngatingalaken S. Elisabeth radja poetri ing Honggaria saweg ngedoem roti sarta tetedan dateng para miskin. Sareng konangan ingkang raka Sang Praboe, roti waoe malih dados sekar sadaja. Déné pakempalanipoen sadèrèk Djawi P. K. D. M. mitontonen: pangantèn Djawi.

Pakempalan Melania ngedal: oostersche danser sarta laré sami dolanan.
Sint-Ignatius mitontonen: prang Atjeh. Sadaja poenika waoe saé sanget. Minangka panoetjap sadaja menjanji „Roomsche Blijdschap“ kinten-kinten djam 10.30 sadaja sami wangsoel klajan bingah.

OERAP - SARI
(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Pandjoeroeng kanggé adeding Grédja Samaitan.

- Saking:
Para sadèrèk ing Sedajoe loemantar H. Soertidja f 9,375
Para sadèrèk ing Kalasan loemantar H. Hardjawijata f 7,13
Para sadèrèk ing Bantoel loemantar H. Siswa f 16,375
Para sadèrèk ing Ngajodja loemantar H. Wardi f 10,02
Para sadèrèk ing Doekoen loemantar H. Djajasomarta f 2,50
Pakempalan Maria Midiatrix Mevr. Padmawardaja f 5,—
Mevr. Padmawardaja Ambarawa f 2,—
Para sadèrèk ing Medari loemantar H. Martadeksana f 8,—
Para sadèrèk ing Sléman loemantar H. Prapta f 4,03
Para sadèrèk ing Lempong loemantar H. Marta f 10,61
Para sadèrèk ing Dera loemantar H. Iskak f 2,50
Para sadèrèk ing Kadisaba loemantar H. mantri f 2,25
Para sadèrèk Brengosan loemantar H. Kartapriyoga f 1,59
Saking K. W. Semarang f 5; K. W. Klaten f 4,20; K. W. Solo f 2,50; loemantar K. W. Medari goenggoeng f 16,70
Comité matoer sanget noewoen. Mangga sinten malih!

nika sami kalijan Mis Soetji limrah, éwa samanten wonten ingkang njeneh. Doemoegi klinting ingkang sapisanan: Sanctus, ndadak ladjeng ngedoem komunie. Ingkang sami tampi kakah! Bibar ngedoem Salira Dalem Goesti, ngadjengaken Mis, ngantos doemoegi telas-oeroet kados limrah. Menggah seselan poenika waoe, kadadosaniipoen margi ing altar boten wonten altaarsteen, dados kapeksa ngendoer Consecratie.

Sabibaripoen Mis sadèrèk-sadèrèk ingkang mentas sami tampi, sampoen dipoenitjawi daharan sakedik wonten ing sekolahan. Laré-laré sekolahan inggih dipoenitjaji. Mila boten antawis dangoe malih sampoen saged ngwontenaken: A u b a d e. Kinten-kinten laré 1000 sami nglempak, menjanji: 't is vijf en twintig jaar geleden. . . . lagoe: Hollandsch vlag, mawi dipoenitjawi muziek-saradadoe.

Sabibaring menjanji Mgr. (saking lo-ténging H. I. K. Zusteran) ngandika, inggih mawi loudspeaker oegi, toemoedjoe dateng para siswa. Anggènipoen ngandika terang, tjeta toer tjetoet, mila sakedap-sakedap gar-ger. Laré-laré noenten wangsoel sowang-sowangan, déné para tamoe sarta Walandi-Walandi sami dateng autanipoen sekolahan H. I. K. Ing rikoe dipoenwonteni receptie. Sadèrèngipoen receptie, sadèrèk Djawi sarta laré-laré sekolah sampoen sami késah saking rikoe, sami dateng Smeroestraat.

Pahargjanipoen sadèrèk Djawi. Ing Smeroestraat, kamar dolanipoen sekolahan R. K. H. I. S. papan ingkang kanggé mahargja Ngarsa Dalem Mgr. v. d. Pas. Sarehning sadèrèk Katholik ing riki derèng gadah papan ingkang langkoeng saé, inggih sawontenipoen. Pepadjanngan sesekaran kakah sanget.

Bibar receptie ing Zusteran, Mgr. tetiga sadaja rawoeh ing R. K. H. I. S. Ingkang sami ndèrèk pastoe rawatawis sarta tamoe-tamoe saking Zusteran. Nalika Mgr. rawoeh, gangsa ing R. K. H. I. S. (taksih poendoetan énggal) moengal galangan-djoer. (Nalika toemas gangsa waoe, pan-tji dipoenrantjangan sageda dipoenantjari, kanggé mahargja Mgr. Menggah gangsa poenika saleresipoen sagedipoen wonten, saking pamboedi-dajaniipoen Frater M. Augustinus, mila matoer séwoe noewoen! Sapoenika gangsa waoe gadahanipoen sekolahan.—)

Para sadèrèk Katholik Djawi kakah sanget ingkang dateng pahargjan, saking Baleardjasari, Pagelaran, Boemiajoe, Wates-Beloeng, Toempang sarta panggénan sanesipoen kakah ingkang dateng. Mgr. mriksani para poeta samanten katahipoen katingal rena sanget. Dasar pandjenanganipoen sareng sadaja binapa-bapa.

Sareng sadaja sampoen sami lenggah, sadèrèk R. M. W. Notokoesoemo sesorang ngatoeraken kasoengangan sarta atoe pa-noewoenipoen sadèrèk Djawi. Sanesipoen sadèrèk kaseboet ing ngoring, taksih wonten malih ingkang sesorang, i. p. saking pakempalan St. Melania, ngoendoekaken pisoengsoeng (woedjoeipoen) bantalan kanggé wonten ing Grédja; sadèrèk Eliasar atas namaning sadèrèk Katholik ing sadjawining kita: sarta moerid ing R. K. H. I. S. ingkang loetjoeipoen boten kantenan. Woedjoedng tembang sarta menjanjian: Wirangrong - Welkomst lied- sarta Hulde lied.

Nalika Mgr. rawoeh kinten-kinten djam 10 — kinten-kinten djam 11 Mgr. djoemoeng ladjeng ngandika; ingkang toemoedjoe dateng moerid-moerid basanipoen Walandi, ingkang toemoedjoe dateng tjiang sepoeh-sepoeh mawi basa Djawi. Ngarsa Dalem Mgr. ngandika, bilih sanget rena ing penggalih, mriksani sadèrèk Katholik Djawi sami nglempak, saha rena sanget, bilih sadèrèk samanten katahipoen poenika mentas saking Zusteran, sami sembahjang sesarengan. Ingkang dados pamoendoetipoen Mgr. poenika, sageda mampengipoen para sadèrèk ing babagami kados ing dinten poenika sarta ingkang sampoen-sampoen. Sadèrèngipoen kondoeur-kondoeuran Frater Leo rawoeh. mortet para sadèrèk ingkang saweg soekasoeka kalijan Ramanipoen.

Minangka panoetjoping ramé-ramé, sadaja dipoenatoeri dahar sesarengan wonten ing sekolahan R. K. H. I. S., adjat dalem Mgr.

Sadaja pakempalan sami ngedal.

Sontenipoen ing R. K. Bondsgebouw ramé-ramé malih. Ingkang sami merlokaken dateng badé mriksani opvoering, kakah sanget, ngantos kakah ingkang nri-mah „adeg-adekan.“ Wonten ing rikoe sadajangan pakempalan sami ngedal sanomer-sa-nomer. Goenggoeng kempal sadaja wonten 12 warni, bokmanawi langkoeng. Tetingalanipoen sadaja boten wonten ingkang ngoetjawi. Pepadjannganipoen ing rikoe sa-saé-saénipoen.

Inggang medar sabda pamboeka Tw. Major van Goor, pangarsaning K. S. B., ngatoeraken kasoengangan sarta pisoengsoeng kandelaar-salaka sa-setel. Kala samanten barang derèng dateng — taksih dipoenmot ing baita.

Padoeka Tw. van Erp. saking Djember, atas namaning para sadèrèk Katholik ing Djember ngatoeraken kasoengangan sarta pisoengsoeng woedjoed amplop. Menggah isinipoen para sadèrèk sami priksa pjam-bak; woedjoedng pahargjan manéka warna. Ingkang dapoer menjanjian soetji:

1. Laudatè pueri metik saking Psalm 112, gendingipoen T. Mendelssohn-Bastholdy.

KABAR OEMOEM. INDONESIA.

Kètjoe.

S. Soegija martosaken: Kala malem 1 Okt. '30 dongkolan loerah ing Setan, Tjandiretna, (Tjakra, Grabag, Magelang) kalebetan kètjoe. Manoe katrangangan ingkang koela piring:

Kètjoe sami nganggé mantol, topi gaboes, sepatoe, tesmak, noempak fiets lan njangkang lampoe (dinamo). Katahipoen kirang langkoeng 21. Mlebetipoen djam 1, nanging wontenipoen titir (tanda kètjoe sampoen késah ± djam 2,30. Tjiang tètèk tjiang 6 (niga-niga) poenika tétékanipoen 2 papan. Mlebetipoen mawi ngoewoeh ingkang gadah grija, kalijan ngaken poelisi Magelang nedyu mampir mriko. Sareng medal ladjeng dipoenitjeng gitokipoen dipoenongkeb-oengkebeken, manawi badé ndjenggèlèk dipoen-oengsep-oengsepaken, mila samang-ké rainipoen tjiang waoe ladjeng aboeh. Wonten ingkang tjrijos dipoenidak-idak poenapa. Ingkang éstri oegi kapisakit.

Tanganipoen inggih wonten ingkang mireng oetawi ngertos, nanging mèmperipoen sami adjrih titir oetawi pantjen négakaken bokmanawi. Djalaran kabariipoen poen soegih waoe tjelit.

Kalamphan kètjoe mlebet dateng patileman saged mendet timang serakit saking mas pengaos f 400 kretèp selaka amriap briljan (barléjan) regi f 800 pendok djené sa-doewoenipoen ± regi f 200san saged oegi wonten barang sanesipoen. Katapsir sadaja pengaos kalih tengah éwoe.

Tanggal 4-10-'30 koela sampoen ansal kabar jèn Ass. Wed. Tjakra sampoen saged njepeng tjiang, margi dipoenpremanani soewaranipoen déning pak manen lan tjiang tètèk. Samangké b. Wadana Grabag sampoen saged njepeng (nahan) tjiang 8. Bénggolipoen kètjoe nama R. Doellah poenika darah sajid. Asli saking Toemboe. Manggèn ing Djambéwangèn Pajaman. Kala malem Ngehah djam ± 1 daloe R. Doellah miroeda saking kamar koleman ing Kawedanan Grabag. Késahipoen boten wonten ingkang soemerep toer boten wonten tje-déla oetawi lawang éwah. Lawang dipoenkoentji saking ndjawi, toer dipoenidjaji oepas. Sepriki derèng saged pinanggih. Kantjanipoen ngè-tjoe ingkang taksih katham wonten panti Margatama Grabag kantoen 7. Oeroesan ingkang terang koela derèng mireng. R. Doellah sampoen wongsal-wangsoel miroeda (ngitjal) mekaten poenika. Kilap nggadahi adji poenapa? — Pakabaran pandjenangan koela tjepak. Sampoen dados penggalih! — Red.)

Kétjalan rabi.

H. Tj. martosaken:
Derèng patos dangoe Sw. Tama ngabaraken jèn ing Salam (Kedoe) wonten tjiang kétjalan rabinipoen watawis oemoer 15 taon, ingkang woesanipoen ladjeng pinanggih wonten ing Dépo Kemetiran Djokja.

Nalika dinten Djemowah legi 10 Okt. 1930 poenika, ing Salam oegi wonten tjiang kétjalan rabi malih, mangka taksih pengantèn énggal, mantèn ingkang itjal watawis oemoer 16 taon.

Itjalipoen waoe ing semoe margi dipoenboedjoe ing wèrek. Djemowah legi éndjing mbok ngantèn blandja dateng peken Tèmpèl, wangsoel saking peken sa-sampoenipoen njèlhaken blandjan, ladjeng sempèrat késah tanpa pamit, ing semoe keboedjoe nalika késah blandja waoe. Panjerat ansal kabar jèn ing Salam lan Tèmpèl kakah wèrek peteng.

Sapoenika laré ingkang itjal sampoen pinanggih. Déné pinang-gihipoen makaten:

BOEPATI KRISTEN.

Wonten Sw. Tm. no. 36, 5 Sept. koela sampoen angatoeraken wawasan prakawis wisoean Boepati Kristen ing Prabalingga.

Ing Ontjèn ngriko, koela sampoen pasadja barès koerès! Soeraosipoen: manawi temen Boepati poenika pangngageng Agami Islam, koela ngleresaken kadang Islam anggènipoen boten narimah. Tjetanipoen malih: nèk moela pangkat Boepati koewi moeng dadi haké kadang Islam, dikoekehi koewi wis bener!

Nanging, wonten ing Ontjèn waoe koela inggih ngatoeraken katrangkatrangan andorakaken bilih Boepati dados pangngageng Agami. Lan katrangangan-katrangan waoe, awawat-on serat-seratipoen nagari.

Doemoegi sapriki, wawasaning serat-serat kabar toemrap prakawis waoe, ingkang doemoegi ing tangan koela, boten wonten ingkang anggepok ngepras oengeling R. R. art. 178 (1). Anggènipoen boten notjogi, manawi koela manah lebet, ladjeng namoeng kataman gregeting manah sengit kalijan Kristen; kadajan déning *sentiment*.

Wawasan koela kala samanten sampoen boten kirang tjeta. Éwadéné, sapoenika koela ngrembag prakawis waoe malih. Kanggé njaroewé wawasanipoen serat kabar Walandi *Algemeen Handelsblad* ing Semarang, dalah anakipoen ingkang nama *Midden-Java*, ing Mataram.

Algemeen Handelsblad 21 October, no. 156, kalijan Midden-Java 22 October no. 157, sami déné ngewrat katrangan „De Christen Regent.“ Karangan prakawis poenika, ing serat kabar kahalih waoe sami trep. (N. B. Ing nginggil koela matoer Alg. Hdbld ing Semarang kalijan Midden-Java ing Mataram, poenika bapa kalijan anak. Awit, isinipoen serat kabar kalih poenika waoe sami. Artikel ingkang dinten poenika klebet ing Alg. Hdbld. Bén-djing éndjing mesti kawrat ing Mid-den-Java. Mila toemrap ingkang lengganan kalih-kalihipoen pisan, tanpa teges).

Nagari kagoengan panggalih: ora matoek banget nèk patih tjakep, kok ora dioenggahaké pangkaté, moeng marga agamané. Manawi theorienipoen, prakawis poenika leres, lan adil. Nanging praktikipoen, tétéla bilih nagari kedah manggalih oegi swantening kawoela; . . . makaten tjarijosiipoen seratkabar waoe.

Ing nagari Walandi, wisoean burgemeester poenika, mawi ngèngeti politik lan agaminipoen tjalon burgemeester. Malah sasaged-saged poelitik lan agaminipoen burge-meester ingkang badé kaangkat waoe, kedah sami kalijan Agami lan poelitikipoen tetijang ingkang kakah, ingkang tjalon kabawahaken.

Margi makaten waoe, serat kabar kaseboet nginggil, mrajogékaken bilih ingkang kaangkat dados Boepati poenika ingkang agaminipoen Islam. Djer tetijang ngriki Islam.

Tjobi dipoenpangalih! Tjiang gadah patokan poenika kedah ngeng-gèni patokanipoen. Kedah consequent. Sapoenika koela pitakèn:

Sapa sing ambawahaké Indonésia wektore saiki? Rak ja Nederland ta? Nederland koewi papréntahan Islam apa Kristen? Indonesia, . . Kristen apa Islam?

Moelané, . . nèk Alg. Hdbld. c.s. ngenggoni patokané, saiki koedoe bandjoer moeni: „Ajo, saiki Indonesia koedoe dimerdikakaké! Panggedé-panggedé Landa, koedoe soemngkir. Kabèh pangkat dikékké Indonésier!

Poenapa boten makaten sadèrèk? Lo, poenika menawi ngenggèni watonipoen waoe. Nèk wong Kristen Indonésier ora kena dadi Boepati, marga sing dirèh sapérangan gedé wong Islam, adilé, ija ora kena wong Landa Kristen njekel papréntahan ing kéné.

Nanging, poenapa serat kabar

waoe inggih poeroen mongl makaten? Katak botenipoen!

Alg. Hblad. c.s! Dedanel sam-péjan poenika kalebet ing oenggel-oenggelan: *senajata makantoean*.

Kedjawi ing nginggil, wonten sabab malih ingkang ndjari Alg. Hdbld. boten najogjani wontening wisoean Boepati Kristen. Inggih poenika tindakipoen Paréntah poenika ngagengaken iérawanan saking kalangan Islam toemrap djengipoen Missie toewin Zending. Ngagengaken *contra-activiteit* saking jagad Islam. Inggih leres activititipoen Missie toewin Zending poenika samangké sampoen noewoehaken *contra-activiteit* saking kaangan Islam. Nanging nama kalèntoe manawi *contra-activiteit* waoe kaagengaken, margi tindakipoen regeting ingkang boten dados senengipoen golongan Islam. . . . „De activiteit van de Zending en de Missie heeft — of-schoon men het zooveel mogelijk trachtte te vermijden — een *contra-activiteit* van de rechtzinnige Mohamedanen in het leven geroepen. Die *contra-activiteit* is er, maar men zou er verkeerd aan doen haar opzettelijk te versterken door regeeringsdaden, welke voor de Mohamedaansche geloovigen minder aannemelijk zijn.“ . . .

Contra-activiteit! Manawi lèrèng soeraos dateng: *balapan kemadjengan, balapan kesaénan*, koela boten poenapa². Kepara malah bingah. Koela roemijin naté matoer: saja kakah sakolahan partikelir saja prajogi. Sakolahan B.O., Taman Siswa, M. D., Zending, Missie, !! Pandjenangan rak inggih taksih kéngetan ta dateng atoe koela waoe?

Prakawis *contra-activiteit* adamel pitoenanipoen Zending toewin Missie, poenika pantjen inggih.

Ananging, kados déné Missie toewin Zending sadèrèngipoen rak inggih sampoen mangertos. Djer wontenipoen aksi inggih anoekoel-aken réaksi. Manawi adjrih réaksi, mesti *boten dipoenlabeti négakaken bapa bijoeng, toewin siti kalahiran*.

Déné ageng aliting réaksi goemantoeang saking aksi. Kentjenging *activiteit*, inggih andjalari saja agenging *contra-activiteit*.

Dados, sanadjan saopami Paréntah *botena* amisoeda Boepati Kristen, *contra-activiteit* mesti wonten. Lan nitik sengkoeting tandangipoen Missie toewin Zending, *contra-activiteit* waoe inggih mesti ageng!

Amila, wisoean Boepati Kristen waoe, boten poenapa-poenapa toemrap *actieviteit*-ipoen Missie lan Zending, toewin *contra-activiteit* saking kalangan Islam. Djer, botena wonten Boepati Kristen, lalawanan saking kadang Islam, inggih wonten, lan mesti ageng! Njengkanipoen namoeng moeroegagen tjeta wontenipoen waoe.

Tjekaking rembag, gandèng kalijan wisoean Boepati Kristen, koela *ngantepaken* pitakénan dateng sadaja kémawon:

1. Tjiang Kristen Indonésier, Katholik lan Protestan, poenika taksih dipoenanggep Indonésier, poenapa boten?
2. Tjiang Kristen Indonésiers kénging nggajoech Indonesia Merdéka poenapa boten? Kadjeng koela: lila poenapa boten manawi tjiang Kristen Indonésiers inggih anggajoech kamardikanipoen Indonesia?
3. Tjiang Kristen Indonésier, nggadahi hak njepeng sadaja pangkat ingkang dados hakipoen Indonésier ing wekdal sapoenika, poenapa boten?

Wangsoelaning prakawis poenika, ageng pigoenanipoen! Oegi migoenani toemrap rembag „Christen Regent.“

Mangga dipoenpanggalih!

Kumuningsaselé 26 Okt. '30
Taklim: *Patjar Merah*.

CORRESPONDENTIE.

Redactie sampoen tampi karanan-karangan saking: D. S.; P. Brata Amisena; F. S.; Adipr.; Rambipoedji; St. Sajid; F. W. S. Hargapoera; Ésulin; Verslaggever C. C. Solo; Triangga; nanging saking kathamng kopi derèng saged matjak.
Administratie. Wonten sdr. ingkang moendoet pira dateng tegesipoen blanco postwissel ingkang kakintonenaken ing Adm. Wangsoelanipoen: Blanco waoe minangka tangan mando, njenjang arta lengganan.
Abn. 357 lan Abn. 219, pandjenangan pindah dateng poendi?
R. Soepardi, Bdnj., pandjenangan no. 166, boten 116.
Wonten sadèrèk saking Poerwoegondo neda medal, tènkipoen boten tjeta. Poenika sinten?